# Bataaxal bu ñu ubbi bu jem ci doxandeem yi nekk New York

Weeru Maars ci atum 2025

Ci New York City am nga yelleef ci ay toppatoo ci sa wàllu wergi yaram, ci lu jote wul dara ak sa nekk doxandeem wala sa kàttan ci fey. Ay toppatoo ci sa wàllu wergi yaram lu am solo la te bëgg nañu nga am toppatoo yi war laata ngay feebar wala ngay soxla taxawu bu jamp. Waruloo ragal seeti ab fajkat, wala santar buy faj bu ñu jagle waa gox bi, wala kër doktoor. Sunuy fajkat, jigeen yiy jàppale fajkat yi, ak yeneen ligeeykat yi ci wàllu wergi yaram dina ñu la taxawu. Ñu bari ci ñoom ci seen bopp ay doxandeem lañu yu bokk ci waa gox yi ñiy taxawu te degg nañu sa làkk. Ñun ñépp yaw lañu fi nekkal.

NYC Health + Hospitals moo yore 11 kër doktoor yi nekk ci taax bi te aju ci nguur gi, juroomi këri jàppalekatu fajkat, ak santaru paj yu jege yu Gotham Health yi nekk ci gox-goxaat yi. Ñi yore wàllu paj ci New York City ñoo yore këru fajukaay yi nekk ci taax bi ngir saytu wergi yaram ci wàllu sey, ci wàllu kaarange gi yaram di defal boppam ci ay jàngoro, ak feebaru tiberkiloos ak Neighborhood Health Action Centers yi. Sunu santar yiy saytu wergi yaram ak sunuy kër doktoor amna ñu tur ak wey wu yàgg ci toppatoo ñépp. Amul xàjj ak seen.

**Sàmm sa sutura lu-u aml solo la.** Booy dem ci sunu berabu fajukaay yi, soxla wuloo joxe say xibaar ci sa wàllu doxandeem ngir ñu faj la. Dunu joxe say xibaar ci ludul ci sa ndigal wala yoon sàkku ko wala mu nàngu ko.

### Ay mbir yoo wara xam ci lu jem ci wàllu sàkku ag toppatoo ci wàllu wergi yaram ci New York City:

- Ci lu jote wul dara ak seen nekk doxandeem wala seen kàttan ci fey, xale yi, wëy ëmb yi, ak yi am 65 at ak lu ko ëpp mën nañu am kaarange ci wàllu wergi yaram. Sunuy ligeeykat ñu ngi fi ngir taxawula nga bindu, boole ci dimbali la ngir nga xam sa yan xibaaru bopp nga soxlaa bind ci kayit bi. Ngir am xibaar yu gêna yaatu, yërël **nychealthandhospitals.org/paying-for-your-health-care/**.

- Boo mënta am wala fey kaarange wergi yaram, mën nga yelloo NYC Care, porogaraam bi nekk ci taax bi tey tax nga mëna am ay toppatoo ci wàllu wergi yaram ci njëg gu yomb wala ci lu amul fey. Yërël **www.nyccare.nyc** to learn more.

- Ñi lënkaloo ak NYC Health + Hospitals ñi am IDNYC, kaart ràññeekaay bu nguuru New York bi ñuy jox ñépp. IDNYC ap xeetu ràññeekaay bu ñu nangu bu ñu jagle wëy tawat yi bu ñu mëna jefandikoo booy bindu wala bu ñuy gësty say kayit ci NYC Health + Hospitals. Mën nañu jefandikoo IDNYC tamit ngir wàññi njëgu garab yi ñu la bindal ak ngir giss sa kayitu ñakku. Yërël **nyc.gov/idnyc** ngir am xibaar yu gëna yaatu.

- Bu loolu weesoo, amna yeneen xeeti ndimbal yu nekk ci taax bi yoo mëna jariñoo, yu mel ni dund, njàng, wàllu yoon, kaarange ak yeneen. Ñi ngi lay ñaax ci nga sàkku jumtukaay yi ak xibaar yi am solo yu nguuru New York City yi ñu jàppandal ngir yaw ak sa waa-kër. Yëral **nyc.gov/immigrants** nga seet yeneeni **jumtukaay** ngir jot ci jumtukaayu tegtal bu aju ci mbiri doxandeem bu Biro Meer biy saytu mbiri doxandeem yi.

**Fan nga mëna amee toppatoo**

Këer doktoor yu aju ci nguur gi ak santar yiy yengu ci wàllu wergi yaram yu waa NYC Health + Hospitals ñi ngi ci gox yi nekk ci taax yepp ci New York te mën nañu la taxawu ci làkk bi nga degg. Demal ci **nychealthandhospitals.org/locations** ngir am berab bu la jege. Ci sunu berab bumu mëna doon, mën nga am taxawu te doo fey dara ci wàllu firi kalama ci lu ëpp 200 làkk, bes bu nekk ci ayubes bu nekk. Mën nañu joxe tamit ay jumtukaay firi ci 13 làkk yu ëpp solo yi ñiy fajoo ci ñun di làkk ngir mu wóor ñu ni dinanu tontu bepp laaj boo mëna am.

Berabu fajukaay bu New York City ci wàllu wergi yaram ci wàllu sey, ci wàllu kaarange gi yaram di fàggul boppam ak jàngoroy tiberkiloos ña nga Bronx, Brooklyn, Manhattan ak Queens, te tamit Neighborhood Health Action Centers yi ña nga Bronx, Brooklyn ak Manhattan. Yëral **nyc.gov/health** ngir gis yeneeni berab. Sunu berabu fajukaay dañuy jàppandal xeetu taxawu yu bari, ay porogaraam ak ay yengu-yengu ci làkk yu bari.

Wooteel ci **311** ngir mëna jot ci fi ñu lim ci mbind turu këer doktoor yi aju ci nguur gi ak santar fajukaay yi, ngir gëna xam jumtukaay yu mel ni NYC Care ak IDNYC, wala ngir yonnee bataaxal NYC Health + Hospitals, ñiy saytu wàllu wergi yaram ci NYC wala biro meer bi ñu jagle mbiri doxandeem yi ci New York City.

Suñu ligeey mooy taxawu **kepp ku dëkk New York, ci lu amul xàjj ak seen**, ba mu dund lu gën ci wàllu wergi yaram.

**Mitchell Katz, MD**
Kilifa ak njiit
NYC Health + Hospitals

**Michelle Morse, MD, MPH**
Aji wuutu ci wàllu wergi yaram bu ñu tegandi
Ñiy saytu wàllu wergi yaram ak wer ci xel ci New York City

**Manuel Castro, MPA**
Aji wuutu
Biro meer bi ñu jagle mbiri doxandeem yi ci New York City